



LYEN Familyal Massachusetts (Family TIES of Massachusetts) se yon rezo enfòmasyon ak sipò nan pwogram "paran pale ak paran" an ki nan tout eta a pou fanmi timoun ki gen bezwen espesyal yo oswa maladi kwonik. Koòdonatè Paran yo travay nan biwo lasante rejyonal eta a pou yo bay fanmi yo sipò nan rejyon yo ye a. LYEN Familyal Massachusetts (Family TIES of Massachusetts) se yon pwojè Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal. Se Depatman Lasante Piblik Massachusetts, Biwo Lasante Familyal ak Nitrisyon, Depatman Perinatal, Premye Etap Anfans ak Bezwen Lasante Espesyal ki finanse l e ki travay an kolaborasyon avè l.

Enfòmasyon ak Referans

- Liy telefòn gratis, ki nan tout eta a (1-800-905-TIES) ak biwo rejyonal yo pèmèt apèl yo fèt fasil.
- Pwogram nan ofri yon opòtinite pou pale ak yon paran ki ka konekte fanmi yo ak resous ak nivo sèvis ki vin apre yo, si yo bezwen sa.
- Yo ka pataje enfòmasyon yo sou plizyè kalite sijè, ki gen ladan yo dyagnostik, resous ak sèvis kominotè, ak gwoup sipò.
- Yo ka prepare pake resous yo sou benefis piblik yo ak lòt sèvis sipò.

Entèkansyon Bonè (Early Intervention)

- Yo kenbe yon kalandriye santral pou pwogram Entèkansyon Bonè [Early Intervention (EI)] yo nan tout eta a.
- Enfòmasyon pou kontakte moun pou referans yo disponib nan telefòn ak sou baz elektwonik nan adrès entènèt nou an.

Koneksyon nan Pwogram "Paran pale ak Paran" an

- Yo ofri pou yo chache yon moun pou mete avè w nan pwogram "Paran pale ak Paran" an selon enkyetid sou lasante, bezwen espesyal, oswa selon domèn ki enterese w.
- Yo fasilite koneksyon yo avèk rezo sipò anplis pou sipò nan pwogram "paran pale ak paran" an
- Yo ofri Paran k ap bay Sipò yo fòmasyon "Tande ak Aprann (Listening and Learning)" epi yo resevwa sipò san rete.

Kalandriye Resous yo

- Yo pibliye Kalandriye Resous LYEN Familyal (The Family TIES) yo pou Fanmi Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo chak ane.
- Moun ka jwenn li sou entènèt nan adrès entènèt nou an: **www.massfamilyties.org**

Adrès Entènèt

- **www.massfamilyties.org** ofri enfòmasyon pou paran ak moun k ap bay swen yo sou sijè ki gen rapò ak Entèkansyon Bonè (Early Intervention) ak lòt sèvis ak sipò pou timoun ki gen bezwen espesyal yo ak fanmi yo.
- Pwogram "Poze Yon Kesyon (Submit A Question)" an bay moun yo kontak dirèk a tout anplwaye LYEN Familyal (The Family TIES) yo.
- Li gen fòm ki disponib sou entènèt pou Konseye LYEN Familyal (The Family TIES) yo – an Anglè, Panyòl, ak Pòtigè.

Seminè ak Fòmasyon

- Anplwaye yo patisipe nan konferans anyèl Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo.
- Seminè "**An Nou Òganize (Let's Get Organized)**" nou yo mete aksan sou mete sou pye konpetans pou òganize ak bay koneksyon kominotè yo fòs—disponib kounye a an Anglè, Panyòl, Pòtigè, ak Chinwa.
- Materyèl **Preparasyon pou Ijans (Emergency Preparedness)** yo disponib nan men anplwaye yo ak nan adrès entènèt nou an.
- Fòmasyon "**Tande ak Aprann (Listening and Learning)**" yo ede amelyore kapasite pou tande pou paran k ap bay sipò kòm volontè yo.
- Kontakte Koòdonatè Rejyonal ou a pou fè aranjman pou òf lokal yo.

